Ассаламу гӀалайкум!

# ЦӀумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 24 июль Рузман №33 (7630) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Районалъул бетӀерасул барки:**

## Дагъистаналъул Конституциялъул Къо




ХӀурматиял районцоял! Баркула нужеда Дагъистаналъул Конституциялъул къо.

Дагъистаналъул Конституция ккола халкъалъул ихтиярал ва эркенлъи цӀунулеб аслияб документлъун. 1994 сонадда къабул гъабураб аслияб законалъ къучӀ лъуна гӀемер милатал ругел Дагъистаналъул халкъ цолъиялъе. Конституциялъ квербакъана Дагъистаналъул экономика ва гражданияб общество цебетӀеялъе. Гьелъ нилъее къун руго гӀатӀидал ихтиярал, хӀинкъи гьечӀолъи, щибаб хъизамалъул даража борхинаби.

Гьарула киназего талихӀ ва рохел, кӀудиял бергьенлъаби район ва Дагъистан цебетӀезабиялъе гьабулеб хӀалтӀулъ.

* * *

## Къурбаналъул байрам

ХӀурматиял диналъул вацал ва яцал! Баркула нужеда тӀаде щолеб, исламалъул бищунго хирияб, къурбан хъвеялъул байрам. Къурбан хъвеялъул гӀид ккола гӀемер миллатал данденлъараб, бечедаб, рухӀияб байрам. Гьелъ жанире рачуна исламалъул бищунго тӀадегӀанал гӀамалал: жиндирго вац, яц, мадугьал вокьи, гьезие кумек гьаби. Гьеб байрамалъ нилъеда малъула чӀахӀиязул адаб ккезе, мискинзабазе кумек гьабизе, гӀун бачӀунеб гӀел лъикӀаб тарбиялде куцазе. Гьарула хирияб байрамалъул къоялъ къабул гьарейин хъурал къурбанал, киназего сахлъи, талихӀ ва рохел щибаб хъизамалъе.

**АнвархӀажи Вечедов,** районалъул бетӀер

* * *

## Баркула гӀидалъул къо




**Бисмиллагьи ррахӀмани ррахӀим.**

Хириял диналъул вацал ва яцал! Баркула нужеда тӀаде щолеб хирияб Къурбан хъвеялъул гӀидалъул къо.

Къурбан хъвеялъул гӀид ккола, хӀеж борхиялъул, хириял ракъазде сапар бухьиналъул, рохел загьир гьабулеб шукруялъул гӀид.

Исана дунялалдаго тӀибитӀараб захӀматаб унти сабаблъун нилъер улкаялъул бусурбабазе рес щвечӀо хириял ракъазде сапар бухьизе. БетӀергьан Аллагьас щивасе жинди-жиндир ният бихьун кири хъвайги.

Нилъеда киназдаго лъала щибаб захӀмалъиялда хадуб бигьалъиги букӀунеблъи. Гьелъинлъидал нилъ киналго сабруялда рукӀина.

Гьарула БетӀергьан Аллагьасда унти сабаблъун ккараб балагь, захӀмалъи халкъалдаса тӀаса босагиян, бигьалъи ва гӀатӀилъи тӀаде рещтӀагиян.

Хирияб гӀидалъул къоялъ Аллагьас киназулго хъурал къурбанал къабул гьареги, лъикӀабщинаб гьабизе ва квешаб тезе тавпикъ кьеги. Дунялалъулго бусурбабазе Аллагьасдаса гьарула сахлъи, талихӀ, рохел ва цолъи.

**ХӀабиб МухӀамадов,** районалъул имамзабузул Советалъул председатель

**Росабалъе сапар**

## ХӀалтӀи жеги бехъерхъулеб буго



**Гьигьалъ.**

ГӀадамазул социалияб рахъ лъикӀлъизаби мурадалда республикаялда хӀалтӀулел руго "Дир Дагъистан - дир лъим", "Дир Дагъистан-дир нухал", "Дир Дагъистан- шагьаралъул санагӀатал шартӀал", "Демография" ва цогидалги батӀи-батӀиял кӀвар цӀикӀкӀарал проектал.

"Демография" абураб миллияб проекталда рекъон 120 цӀалдохъанасе бакӀ бугел школаби ралел руго Гьигьалъ ва КӀванада росабалъ.

Араб итни къоялъ Гьигьалъ балеб школалде щвана районалъул бетӀер АнвархӀажи Вечедов. Бугеб ахӀвал-хӀалалъул ва гӀоларел рахъазул ва цогидабги къваригӀараб-таралъул бицине гьенив ватичӀо прорабги. Бетон бакъвазегӀан хӀалтӀухъабиги нахъе ун, гьенив ватана гӀицӀго кӀиго чи.

Гьениб хӀалтӀи унеб буго хӀинцго, гьединаб гурони хӀалтӀул темп гьечӀони, исана Гьигьалъ школа бан рагӀалде бахьин щакаб иш бугин ккола.

Гьединго районалъул бетӀерас хал гьабуна "Дир Дагъистан-шагьаралъул санагӀатал шартӀал" абураб проекталда рекъон гӀадамазе хӀухьбахъиялъе гьенибго балеб паркалъул.

Парк баялъул хӀалтӀудаса районалъул бетӀер рази хутӀичӀо, гьеб гьес загьир гьабуна Гьигьалъ росдал администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамадхӀабиб Магьиматовасулгун гьабураб гара-чӀвариялда.

Парк баялъул ва проекталда рекъон гьениб гьабулеб хӀалтӀул бицине гьенивги ватичӀо цониги хӀалтӀухъан.

ПалхӀасил, Гьигьалъе бухьараб сапаралъ кутакалда рахӀат хвезабуна районалъул бетӀерасул.

## Жеги тӀадеги гьабизе хӀалтӀи буго



**ЦӀедакь.**

Араб гьатӀан къоялъ районалъул бетӀер АнвархӀажи Вечедов лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновгун цадахъ щвана ЦӀедакь росулъе. Гьениб гьес хал гьабуна фельдшерлъиялъул пунктальe исана бараб цӀияб минаялъул. Хал гьабуна гьабураб хӀалтӀул ва гӀоларел рахъазул, дандчӀвана гьеб балел рукӀарал хӀалтӀухъабигун ва рихьизаруна жеги тӀадеги гьаризе кколел хӀалтӀаби.

Гьединго гьев щвана росдал школалде ва дандчӀвана школалъул нухмалъулей Алипат МухӀамадовагун. Хал гьабуна школалъул ахӀвал-хӀалалъул, дандрана ва хӀисабалде росана гьенир гьаризе кколел гӀисибикъинал хӀалтӀаби.

АнвархӀажи Вечедовас росдал гӀолохъабазул пикру буссинабуна росулъ рацӀцӀаракъалъи чӀезабиялде ва росу берцин гьабиялде.

**Тарих**

# Политикияб репрессиялъул къурбанал ракIалде щвезаруна

### Араб гьатIан къоялъ Гъоркьгьаквари тIобитIана политикияб репрессиялъул къурбанал ракIалде щвеялъе бараб мемориал рагьиялъул тадбир




Багьа къиматаб хазина ккола инсанасул гIумру. ГIадада абун гьечIо хирияб хIадисалда цо чи чIвай инсаният чIваялда бащалъулин абун. Чи чIвай тIаса лъугьун тезе бегьулеб такъсир кколаро, хасго гIайиб гьечIев. Амма зулму-хIалалъул къурбаназул (репрессированные), ай, гIайибго гьечIел гIадамал чIваялъул такъсириял хIужаби, кигIанго бокьичIониги, нилъер тарихалда гIемер ккана. Гьел рикIкIуна инкъилаб бергьун хадусел соназ, аслияб куцалда, РСФСРалъул Уголовнияб кодексалъул 58 статьялда рекъон, революциялде дандечIейлъун жал рикIкIарал «такъсиразухъ» ккарал къурбанал.

Россиялъул пачалихъияб архивалъул баяназда рекъон, араб гIасруялъул къоабилеб-кIикъоялда анцIабилел соназ (1921-1953 сонал) Совет Союзалда зулму-хIалалъул къурбанлъун ккун вуго гьебго 58 статьялда рекъон 3 777 380 ва цIакъго кIвар цIикIкIарал пачалихъияб кIваралъул (военный шпионаж) такъсиразухъ 282 926 чи. Гьел ккола туснахъ къотIарал, Сибиралде ритIарал, зулму-хIал гьабун гочинарурал халкъал ва гьезда гьоркьосан чIваразул къадар бахуна 642 980 чиясде. КигIанго бокьичIониги, гьеб буго нилъер тарих ва тарих лъазеги ккола. ГIадада абураб гьечIелъул, нилъеца аралде туманкI кьвагьани, букIинеселъ нилъеда гIарада балин абун. Улкаялъул тарихалда жаниб бищун захIматал ва пашманал тIанчал ккола гьел. Ракъи-къеч, цIорой-квач, гIорхъолъан борчIараб багIари, гIакъуба-захIмат-бихьичIеб чIегIераб-хъахIаб хутIун батиларо нилъер умумузда. Репрессиялъ рахIму-цIоб лъиего гьабичIо: я лъималазе, я чIахIиязе, я цIалилъай бугел хIакимазе, я диниялгун рухIаниял церехъабазе,я алиф-ба лъаларел рекьарухъабазе.

ТIолго улкаялдаго гIадин, репрессия хъинтIана нилъер районалдаги: лъида кIочарал рагъул кор боркьараб 1943-леб соналъул хасало зулму-хIал гьабун гочинарурал росаби, хIама бугелаца-хIамида баччун, хIама гьечIелаца-мугъзада баччун кини-къайигун къватIире рахъарал росуцоял, гьодал къуларал хараби лъималазул мугъзабаздаго къадаралде щвей, нухда бихьараб гIакъуба-захIматалъ Чачаналъе щвезегIан сухъмахънухлул рагIалда рижарал хобал?! Зулму-хIалалъул къурбаназул чIварал рикIкIинчIогоги, гIемерисел хвана лагераздагун туснахъазда, нухазда (лъелго унаго ва поездазгун гумуз раччунаго), чIаго хутIаразул гIумруялде бугеб гъираялъул кутакалъул хIаракаталдалъун керчал рохьалгун ризал хIорал гурони гьечIел бакIазда гIуна цIи-цIиял росаби, цIикIкIарасезул бухьенхурхен тIагIана рижараб ракьалъулгун ва гIагарлъиялъулгун. Гьеб кинабго жакъа нилъеда лъалеб буго тарихалдасанги, тарихалъул чIагоял нугIзал-репрессиялде ккаразул лъималазул ва гьезулги лъималазул биценаздасан. Гьеб нилъеда киданиги кIочене бегьуларо. Гьелде нилъ ахIараб букIана араб гьатIан къоялъ иргадулаб нухалъги тохтур МухIамад ГIабдулхабировас тIолалго районцоялги, республикаялъул ва улкаялъул батIи-батIиял бокIназдасан (рахъ-рахъаздасан) хIурматиял гьалбалги ахIун тIобитIараб «КIочон тезе



гьечIо» абураб, репрессиязул гьобоялъ ххенарал гьакварисел къурбанал ракIалде щвезариялъе бараб мемориал рагьиялъул пашманлъи жубараб байрамалъул тадбир. Абизе ккола гьеб бугин гIагараб росулъ ахираб лъабго соналъ МухIамадил бетIерлъиялда гъоркь гьакварисезе рагьарал батIи-батIиял гIарасазул цояб. Щибаб соналъ хIаракат бахъулеб буго гьес росдал тарих лъазабиялде гIун бачIунеб гIел куцаялда патриотикияб цIайи цIикIкIарал тадбирал тIоритIизе.

40 градусалъулаб багIариялъухъ балагьичIого, берцинго ретIа-къан ракIарана росдал алдминистрациялъул азбаралде гьакваристелги гьалбалги. Сверухълъиялдаго рагIулеб букIана гIисинккун бачунеб пашманаб макъан, гьелъ рачунел рукIана хараби жидерго ракIалдещвеязулъ рикIкIадал 30-50-лел соназде ва чангиязул бадиб хулулеб букIана магIу.

Бадиса магIу хулана, жиндир гIумрудул ичIго сон бугеб мехалъ эменги репрессировать гьавун, гъоб заманалъул кьогIлъаби хIехьезе ккарай, жакъа гIумрудул нусго сониде яхарай Майсурат ГъазимухIамадовалъ рекIелъ кIудияб пашманлъигун гьабураб кIалъаялъ, мемориалалъе проект бахъарав Москваялда гIумру гьабун чIарав Игьалиса художник МухIамадов ГIумарил.

Жакъаги тIагIун гьечIин рекIелъ бухIийилан йиго Майсурат гIиллаго гьечIого эменги тIагIизавун (МахIачхъалаялъул туснахъалдаса Каспийскиялдеги вачун, гьенив чIвазеги чIван ралъдалъ рехун вуго Майсуратил эмен) ниж лъабго лъимералъул тIалаб гьабулаго эбелалда бихьараб къварилъиялъул ва хIакъирлъиялъул. Майсуратил ва гьей гIадал цогидазулги ракIазулъ щиб букIарабали цебечIезабизе захIмат букIинаро: гIолохъанго къурбанлъарал, араб бакI лъачIого тIагIарал умумул, гьезда бихьараб гIакъуба-захIмат. Цо-цояз дол соназул политиказдегун Сталиниде гIайиб гьабуниги, «лъикIлъи бокьарал» цо-цоял нилъеда гьоркьор мацIихъаби рукIиналъ ва гьезул «квербакъиялдалъун» хенана гIемерисел репрессиялъул гьабихъ.

Байрам рагьана Гъоркьгьаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас.

Политикияб репрессиялъул къурбанал ракIалде щвеялъе бараб мемориал рагьи баркун кIалъазе вахъарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас кIудияб баркала загьир гьабуна гьеб иш кодобе босарав МухIамад ГIабдулхабировасе ва гьесие кумек гьабуразе.

ТIадгьаквариса Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим МухIамадзакир Абулмуслимовас бицана репрессиялъул къурбанлъун ккарав жиндирго кIудияв инсул ва цогидалги гьакварисезул къисматалъул: лагъзадерил захIматалъ бахъараб сахлъиялъул, лъай тIалаб гьабизе щвечIеб ресалъул, аскIор рукIаразда букIинчIеб божилъиялъул, щивасул беразулъ бихьулеб букIараб щакдариялъул. КIалъазе рахъарал республикаялъул ЖамгIияб палатаялъул член ГIимран ГIалипулатовас, Дагъистаналъул журналистазул Советалъул председатель ГIали Камаловас, лъай цебетIезабиялъул Дагъистаналъул институтаплъул проректор Миясат Муслимовалъ бицана араб гIасруялъул 20-30 соназ репрессиялъул хIасилалда къурбаналъараб Дагъистаналъул халкъалъул, гьезда бихьараб къварилъиялъул ва гьез хIехьезе ккараб хIакъирлъиялъул.

Гъоркьгьаквари росдал школалъул завуч АхIмад МухIамадовас, Гумбет районалъул Игьали росулъа художник ГIумар МухIамадовас, Гъуниб районалъул СалтIаса жамгIияв хIаракатчи ГIумар Жамалудиновас, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бицана репрессиялъул къурбаназулъе ккарал жидерго умумузул ва росуцоязул къисматалъул.

ГУЛАГалъул тарихалъул музеялъул директор Роман Романовасас бачIараб баркиялъулаб кагътида гьакварисезда хитIаб гьабулеб буго умумузул тарих цIунеян.

-Музеялъул коллективалъул рахъалдаса баркула гьакварисезда зулму-хIалалъул къурбаназе ба-

3



## Тарих

# Политикияб репрессиялъул къурбанал ракІалде щвезаруна

### Араб гьатІан къоялъ Гъоркьгьаквари тІобитІана политикияб репрессиялъул къурбанал ракІалде щвеялъе бараб мемориал рагьиялъул тадбир

2




раб гІарас рагьиялъул байрам. Тарихалда хасаб лъалкІ тараб кІикъоялда анцІила кІиго гьакварисесе бараб гІарас ккола гьеб.

ГУЛАГалъ бараб къоло анкьго соналда жаниб гьелъул квачІикье ккана къогоялде гІагарун миллион чи, гьезул щибав анцІабилев абадияялъего хутІана гьенив. ТІуна хъизан-лъималазулгун ва вижараб ракьалъулгун бухьен, миллионал лъимал махІрумлъана эбел-инсудаса. Улкаялъул рахърахъазде рикьун руго нус-нус туснахъалгун лагерал рукІарал, гІадамал чІварал ва гьел рукъарал бакІал.

Къойидасан къойиде дагьлъулел руго репрессиязул къурбаназул ирсилал. КигІанго бокьичІониги, заманаялъ жиндирабго гьабула: цоял херлъула, цогидал хола-гьеб буго гІумру. Гьединлъидал жеги цІикІкІараблъун ккола гьединал гІарасал рагьиялъул кІвар: ирсилазе нахъе толеб буго бахІарчиял умумузул тарихалъул гьитІинабго бутІа,-ян хъвалеб буго кагътида.

Гьединабго магІнаялъул рукІана Москва шагьаралъул поликлиникаялъул нухмалъулев, нилъер ракьцояв ГІадурашид Саидовас, РФялъул президентасда цеве вугев Дагъистаналъул вакил, экономикиял гІелмабазул доктор Рамазан Мамедовас, Россиялъул Конституциялъулаб Судалъул судья ХІадис ХІажиевас, Россиялъул гІелмабазул академиялъул член-корреспондент, медициналъул гІелмабазул доктор Виктор Радзинскияс ритІун рачІарал баркиялъулал кагътал.

Тадбиралъе ахиралда МухІамад ГІабдулхабировас баркала кьуна, сонайил жиндир пикрабазул рахьги ккун, тадбиралде рачІунел росуцоязе ва гьалбадерие, ахІана гьел росу-ракь, умумузул тарих, рахьдал мацІ, маданиятгун адабият цІунизе.

**ГІубайдула Малачдибиров**

## Динияб бокІон

# ЗулхІижаялъул хиралъи

ЗулхІижаялъул тІоцебесеб анцІго къоялъ гьабураб гІибадаталдаса Аллагьасда цебе хирияб гІибадатгІамал гьечІо.

ЗулхІижа ккола жидеда жаниб рагъ хІарам гьабурал хІурматиял моцІазул цояб. Цебесеб ичІабго къоялъ кІал ккевезеги, гьел къоязул сардал рорчІизеги цІакъго хирияб буго.

ХІадисалда буго: «Бищунго гІамал хириял, Аллагьасеги жиделъ гьабураб лъикІаб гІамал бокьулел къоял зулхІижаялъул цебесеб анцІабго къо буго. Гьезул цо къоялъ ккураб кІал лъагІалил кІалалда ба- щалъула, цо сордоялъ тІадеги вахъун гьабураб лъикІаб гІамал Лайлатул Къадриялъ гьабураб гІамалалда бащалъула», - ян.

ХІапиз ибну ХІажарица хъвалеб буго: «ЗулхІижа моцІалъул тІоцебесеб анцІго къоялъул хиралъи буго, жиндилъ киналго исламалъул рукнаби данде ракІарун рукІин. Какги, кІалги, садакъа кьейги, хІеж борхиги цогидал къоязда данделъуларо гьеб къоялъ гурони», - абун.

ГІабдуллагь ибн ГІумарица (р.гІ.) бицун буго: «Ниж Авараггун (гІалайгьи свалату ва ссалам) цадахъ лъикІал гІамалазул хІакъалъулъ кІалъалел рукІанила ва нилъер Аварагас (гІалайгьи свалату ва ссалам) абунила: «ЗулхІижаялъул тІоцебесеб анцІго къоялъ гьарурал лъикІал гІамалазда бащалъуларо киналгІаги ишал». Дица гьикъана гьесда, Аллагьасул нухда рагъигийищаян? Гьес жаваб гьабуна: «У, Аллагьасул нухда рагъигицин, цохІо жиндирго бечелъигун Аллагьасул нухда живго вагъизе вахъарав ва гьениса тІадвуссинчІев чи хутІизегІан», - абун.

Абу Гъурайратидасан (р.гІ.) бицараб хІадисалда буго: «Бищунго Аллагьасе гьабураб лъикІаб гІамал бокьулел къоял зулхІижаялъул тІоцебесеб анцІго къо ккола. Гьезул цо къоялъ ккураб кІал лъагІалил кІалазда бащалъула, сардилъ вахъун гьабураб лъикІаб гІамал, Лайлатул къадриялъ гьабураб гІамалалда бащалъула». ТІубараб моцІалъ кІал ккевезеги суннатаб буго, хІалкІварав чиясе, ай къурбанкъоги лъабго къоги хутІун. Гьел къояз кІал ккевезе хІарамлъула. ЦІакъго тІадчІей гьабизе рекъола тІоцебесеб 10 къоялъниги кІал ккевялда, хасго ГІарафакъоялъ, хІежалда ватичІони.

ЗулхІижаялъул ичІабилеб сордо ккола чІаго гьабизе суннатаб, хирияб ГІарафаталъул сордо. ГІарафакъоялъул хиралъиялъул гьеб къоялъ гьаризе лъикІал гІамалазул хъван буго.

ГІидалъул сордоялъул маркІачІул гІуж щвaралдаса нахъе бусурбабазе суннатаб буго такбир бачине. Гьеб бачуна мажгитазухъги, рукъзабахъги, къватІаздаги, базараздаги, ай киса-кибго. Гьебги борхатаб гьаркьидалъун бачине хирияб буго. ЦІакъго лъикІ букІина мажгитазул микрофоназдасан къватІибе кьуни.

ГІидалъул сордо Къуръан цІалун, какал ран, такбир бачун, вирдал гьарун чІаго гьабизе суннатаб сордо буго. Нилъер хирияв Аварагас (гІалайгьи свалату ва ссалам) абуна: «Щив вугониги, жинца кІал биччаялъулги, Къурбан хъвеялъулги кІиябго сордо чІаго гьабун, цогидазул ракІал холеб къоялъ гьесул ракІ холаро» - абун.

Гьеб сордоялъ дугІаялъе жаваб гьабулиланги буго. ТІолго сордо чІаго гьабун бажаричІес гьелъул бащалъиниги, гьебги бажаричІони, сардил ахирисеб лъабил бутІаниги, гьебги бажаричІони, боголилги, рогьалилги как жамагІатгун базе мажгиталде ани, гьесиеги гьеб сордо чІаго гьабиялъул бутІа щолилан абулеб буго Ибну ГІаббасица (р.гІ.). ГІидалъул къоялъ черх чуризе суннатаб буго. Сордо бащалъаралдаса байбихьун чуризеги бегьула, амма мажгиталде ине заман гІагарлъараб гІужалъ чуризе хирияб буго.

Расулуллагьас (гІалайгьи свалату ва ссалам) абуна: «ГІидалъул къоялъ эбел-инсул хабаде зиярат гьабурав чиясе щибаб гали рикІкІун кири хъвала. Эбел-инсул хабаде зиярат гьабун гьел рохизарурав чиясде Аллагьасул рахІматал рещтІина. Цогиясул ракІ бакъвазабурав чи Аллагьас къварид гьавила ва Къиямасеб къоялъ Аллагьасул балагьиялдаса махІрумлъила».

ЛъагІалида жаниб буго щуго сордо, жидеда жаниб дугІа гІемер гьабизе рекъараб, Аллагьасул хасаб рахІматалъе мустахІикълъизе ва кири тІалаб гьабизе. Гьеб ккола ГІарафа сордо (Къурбанкъоялда цебесеб сордо), КІалбиччанкъоялда цебесеб сордо, ГІарафа къоялда цебесеб сордо, рузмансордо ва Бараатаалъул сордо.

Гьаб буго КІалбиччанкъоялда ва Къурбанкъоялда цересел сардаз цІализе лъикІаб дугІа: «Я ХІаййу, я Къаййуму, я бадигІа ссамавати валь арзи, я заль жалали валь икрам».

МагІна: «Я даим ЧІагояв ва халкъалъе тадбиралда чІарав, зобалги ракьги Жинца рижарав, я тІадегІанлъиялъул ва хІурматалъул БетІергьан!»

**«Нурул Ислам»** газеталдаса босараб

# Аллагь разилъаги нужедаса

Коронавирусалъул пандемиялъ кьучІдасанго хисизабуна халкъалъул гІумрудул рукІа-рахьин. Гьеб унтудаса инсанасул сахлъи цІунулаго цебесеб кьерда рагъ балеб буго тохтурзабаз. Макьуги, хІалхьиги, хъизан-лъималги кІочене гьаруна гьезда больницаялде рачІунел унтарал гІемерлъиялъ. Дие загьир гьабизе бокьун буго ракІ-ракІалъулаб баркала райбольницаялъул врачазе, гьезул кІвахІ тун гьабураб хІалтІухъ. Хасаб баркала буго медсестрабазе, санитаркабазе ракІбацІцІадго унтаразе гьабураб хъулухъалъухъ, хІеренаб ва хинаб бербалагьиялъухъ. Биччанте нужер захІматаб къойилаб хІалтІуца нужее рохелги разилъиги кьезе. Гьарула нужее киназего щулияб сахлъи, талихІ ва рохел.

Медицинаялъул хасал костюмалгун маскабиги лъун рукІарал тохтурзаби, медсестраби ва санитаркаби ратІа рахъизе лъалеб хІал букІинчІо, гьединлъидал цІарал рехсечІогоян гІайиб гьабуге, нуж киналго мустахІикъал руго бищун тІадегІанал цІаразегун шапакъатазе. Аллагьас кІодо гьареги нуж киналго.

**СагІит Халилов,** КІванада росу

## КІвар бугеб суал

# Газета хъвараб гІолищ?

Гьаб суалалъе жаваб щвезе бокьун буго. Цебеккун, почтальонас хъвараб газета щивав подписчикасухъе щвезабулаан. Ахираб заманалда гьеб хІалтІи цІакъ хашго тІубалеб буго:

-Досухъе кьуна, гьасухъе кьуна,- ян абулеб буго почтальонас. Дица хъвараб газета, журнал дихъего кьезе кколарищ?

Жакъа щиб ккараб? КигІан абуниги, бицаниги бичІчІулеб гьечІо почалъул хІалтІухъабазда. Газета хъвай абун почтальон вачІиндал, подписчиказги инкар гьабулеб буго, бачІулареб газета хъван щибизеян. Почтальонасги нужерго газетал почалдеги ун тІалаб гьареян, дида лъаларин абун къокъ гьабулеб буго хабар.

Газеталгун журналал, посылкаби ва цогидабги бикьизеян гурищ почтальон вугев?! Яги данде ккарав цоясухъе гьебги кьун, щивав подписчикас жиндирго газета-журнал нахъе босулебищ къагІида бугеб баян щвезе бокьун буго.

Цоги рахІат хвараб суал буго Хонохъ ва Хъварщи росабалъ лъурал бухьеналъул вышкаби хІалтІизе риччаялъул. Лъазе бокьун буго гьеб суал кида рагІалде бахъине бугебали. Росулъ чара къосараб иш ккани, къаси-къад ва гьава-бакъалъул шартІазухъ балагьичІого, Сасикьдерил лъарахъе ялъуни Агъвалире рачІине кколел руго.

ХІажат буго жавабияз гьеб кІиябго суалалда сверухъ бугеб ахІвал-хІалалда хурхун халкъалъе мухІканал жавабал щвезе.

**Узлипат Шамхалова,** Хонохъ росу.

## "Инсан" фонд

# Нухлулазе - цІорораб лъим



Гьал къояз дида бихьана районалъул администрациялда данде бугеб «Снежинка» тукада аскІоб лъураб. Гьелда жаниса цояз босун лъим гьекъолеб, цогидаз лъималъул цІурал шушби жанир лъолел ругоан. Гьеб холодильник лъица ва щибизе лъурабилан гьикъидал, багІарараб риидалил заманалда щивав къечарасул къеч буссиналъе лъураб бугин бицана гурхІел-рахІмуялъул «Инсан» фондалъул районалда вугев вакил ИсмагІил МухІамадовас.

-Бищун лъикІаб ва хирияб садакъа лъималдалъун гьабураб бугилан абун буго МухІамад аварагас (с.т.гІ). Дида гьединаб хІалтІи бихьана цо-цо районазда ва дирги пикру ккана гьеб лъикІаб мисалалдаса пайда босун, холодильник райцентралда лъезе? Дирго пикру загьир гьабуна «Инсан» фондалъулазеги ва гьезги гьелъул рахъ ккуна.

Цо-цояз гьикъулеб буго гьеб администрациялъул минаялда цебе щай лъурабилан? Гьелъие гІиллаги буго администрациялъул минаялда видеокамераби рукІин, цо кинаб бугониги зарал гьабиялдасан цІунараб букІиналъе. Видеокамералда бихьулеб бакІалда зарал гьабун квер хъвазе хІинкъулел нилъеца пикру гьабулеб гьечІо нилъ киналго Аллагьасул берзукь рукІиналъул.

Цоги гІилла буго халкъ гІемераб рещтІунеб бакІ гьеб букІин. Бокьани тукадаса, рокъоса ялъуни бацІцІадаб лъел иццухъан цІурал лъел шушби лъезе бегьула бокьарав чияс холодильникалда жаниб. Щивасе бокьунги бугелъулха садакъа гьабизе. Балъго садакъа гьабизе бокьараз, «Лъималъе» абунги хъван, «Инсан» фондалъул 8-960-777-71-70 телефоналъул номералда бухьараб карталде гІарац битІани, дицаги тІубала гьеб мурад.

**Заур Бадрудинов**

## Колонка прокурора

# Электронные трудовые книжки

С января текущего года вступили в силу изменения в Трудовой кодекс Российской Федерации, а также в Федеральный закон «Об индивидуальном (персонифицированном) учете в системе обязательного пенсионного страхования».

Так, Федеральными законами от 16.12.2019 № 436-ФЗ и № 439-ФЗ введено обязательное формирование сведений о трудовой деятельности в электронном виде (далее также - «электронная» трудовая книжка), которые будут постепенно заменять классическую трудовую книжку. Изменения вступили в силу с 1 января 2020 года и затрагивают как работодателей, так и работников.

**Для работодателей:**

С 2020 года введена обязанность предоставлять в Пенсионный Фонд России сведения о трудовой деятельности работников в случаях приема на работу, переводов на другую постоянную работу и увольнения, подачи заявлений о выборе между «бумажной» и «электронной» трудовой книжкой. Данные сведения вместе с ФИО и СНИЛС направляются не позднее 15-го числа месяца, следующего за месяцем, в котором имели место указанные выше случаи. При первом направлении должны быть одновременно представлены сведения по состоянию на 1 января 2020 года.

С 1 июля 2020 года работодатели должны письменно уведомить всех работников об изменениях в трудовом законодательстве, связанных с формированием сведений о трудовой деятельности в электронном виде, а также о праве сделать выбор между «бумажной» и «электронной» трудовой книжкой.

Кроме того, в течение 2020 года работодатели при необходимости обеспечивают принятие (изменение) локальных нормативных актов, подготовку и обсуждение изменений в соглашения и коллективные договоры.

**Для работников:**

Закон предписывает всем работникам подать до 1 января 2021 года заявление о продолжении ведения «бумажной» трудовой книжки или о переходе на «электронную». В последнем случае трудовая книжка выдается работнику на руки, а работодатель перестает отвечать за ее ведение и хранение. Если же работник не подаст никакого заявления, то за ним сохранится «бумажная» трудовая книжка.

Реализовав право на дальнейшее ведение трудовой книжки, работник сохранит данное право при последующем трудоустройстве. При этом закон предусматривает возможность изменить решение и подать в дальнейшем новое заявление о переходе на «электронную» трудовую книжку.

Лица, не имевшие возможности по 31 декабря 2020 года подать работодателю одно из заявлений, будут вправе сделать это в любое время. К таким лицам закон относит, например, работников, которые по состоянию на 31 декабря 2020 года не исполняли свои трудовые обязанности, но за ними сохранялось место работы.

В отношении лиц, впервые поступающих на работу после 31 декабря 2020 года, будут формироваться сведения о трудовой деятельности в электронном виде. Трудовые книжки на них оформляться не будут.

**И. Вакилов,** прокурор района

## Военный прокурор сообщает

Генеральной прокуратурой Российской Федерации в текущем году организован Международный молодежный конкурс социальной антикоррупционной рекламы «Вместе против коррупции».

Прием конкурсных работ производится с 01.05.2020 по 01.10.2020 на официальном сайте конкурса www.anticorruption.life.

При желании участвовать в указанном конкурсе просьба сообщить об этом по электронной почте по адресу 315 vpg@mail.ru или почтовым отправлением по адресу: 368300, Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная, д. 1.

**М. Самсонов,** Врио военного прокурора гарнизона

Утерянный аттестат о среднем общем образовании В № 414782, выданный в 1987 году Тиндинской средней школой Цумадинского района Республики Дагестан на имя Алиева Назира Магомедовича, считать недействительным.

## Спорт

# Дагестанские вольники - в Хуштада




С 3 августа в селении Хуштада стартует первый этап подготовки сборной команды Дагестана по вольной борьбе к чемпионату России.

На сборы вызваны сорок три борца- в основном призёры прошлогоднего чемпионата России, молодежных первенств мира и Европы, а также победители чемпионата СКФО.

На высоте более двух тысяч метров борцы будут подтягивать свою общую физподготовку - их ожидают кроссы и работа с железом.

**Магомед Магомедов**

## Призерлъун вахъана



Дагъал цере къояз МахIачхъалаялда тIобитIараб Дагъистаналъул чемпионаталда 2003 соналъ гьавурав Гъоркьхъварщиниса Рамазан ГIабдулаевас анцIго километралъул манзилалда векерун босана кIиабилеб бакI.

Баркула гIолохъанав спортсменасда бергьенлъи, гьарула хадубккунги спорталъулъ лъикIал хIасилал.

**МухIамад Къасумов**

## Зигара балеб буго

1981-1983 абилел соназда ГIабдулманап НурмухIамадовасда цадахъ Советияб Армиялда хъулухъ гьабулел рукIарал Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъа Абакаров РизванхIажиясгун БагIачев МухIамадица, Бухтиб росулъа Рамазанов Загьидица, Ругъжаб росулъа МухIамадмирзоев ХIасаница ва МохIоса Мутаев МуртазагIалица гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго машгьурав тренер, нилъер республикаялъул ва тIолабго улкаялъулго чIухIи, намус тIадегIанав ракIбащадав гьудул, щулияб яхIалъул инсан

**ГIабдулманап НурмухIамадов**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул васал ХIабибида, МухIамадида, Абубакарида, хъизан-агьлуялда, гIага-божаразда ва тIолабго росдал жамагIаталда.

Аллагьас иманалда тIовитIун, алжан кьун воххизавун ватаги гьев. Амин Аллагь

Райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъи загьир гьабун, зигара балеб буго ЦIумада росдал жамагIаталда машгьурав спортсмен-ветеран

**Супьян ГIалиев**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, ахираталъул лъикIлъабаздалъун вохизавеги.

# ГIабдулманапиде

ГIолохъанго вукIун хвана мун, Манап,
Мехго дуй щвечIого вукьана хабалъ.
Дару жиндий гьечIеб «COVID» унтиялъ
Керен-ракIги бухIун, шапана къаникь.

Ракьалда рукIарал лъикIал дур ишал
Гьанирго хутIана хабар-кIалалъе.
Анищал тIурачIел пикраби дурго
Росун цадахъ ана дуца хабалъе.

Дагъистан чIухIараб цIумазул лачен,
ЦIар дунялалдаго тIибитIана дур.
Дунялалда ругел тренеразда гьорлъ
ТIоцебесеб кьерда рикIкIун вуго мун.

РечIчIухьаби рукIа, самбистал рукIа
Жал боксераз рукIа, боецал рукIа
АнцIила микьго чи дунял босарав
ХIадур гьавун дуца ракьалда тедал...

Дунялалдаго дур борхана кьимат,
Къуват жиндир тIокIав, кьей жинда лъачIев
Конор Макгрегорги накабазда лъун,
Дур вас ХIабибица рачел босидал.

ГIасруялда жаниб цо нухалъ гурон
Вахъунаро тренер мун гIадав, Манап,
МагIишат рехун тун, хьизан рехун тун,
КъвакIарал спортсменал хIадур гьарулев.

Дуца хIадур гьавурав ХIабиб гурони,
Нилъер улкаялда жеги вахъинчIо
UFC босарав цониги спортсмен-
Рагъулъ кьей лъалареб кьварараб гъалбацI.

**Муса МухIамадов,** Чонтаул росу

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44
Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1275
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru